Jenn waay ñëw na ci Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: assalaamu halaykum, mu fay ko mu daldi toog, Yonnente bi ne: "fukk

Jële na ñu ci Imraan Ibn Husayn -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Jenn waay ñëw na ci Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: assalaamu halaykum, mu fay ko mu daldi toog, Yonnente bi ne: "fukk" keneen daal di ñëw ne: assalaamu halaykum wa rahmatu Laah, mu fay ko mu toog, mu wax ne: "ñaar fukk" topp keneen ñëw daal di ne: assalaamu halaykum wa rahmatul Laahi wabarakaatuhu, mu fay ko mu toog, mu ne: "fanweer".

[Tane na] [رواه أبو داود والترمذي وأحمد والدارمي]

Jenn waay dafa ñëw ci Yonente bi daal di ne: (assalaamu halaykum) mu fay ko mu daal di toog, Yonente bi ne: bindal nañu ko fukki yiw, topp keneen ñëw daal di ne: (assalaamu halaykum wa rahmatul Laah), mu fay ko mu toog, Yonnente bi ne: amna ñaar-fukki yiw, topp keneen ñëw daal di ne: (assalaamu halaykum wa rahmatul Laahi wabarakaatuhu), mu fay ko mu toog, Yonnente bi ne: amna fanweeri yiw; maanaam kàddu gu nekk fukki yiw la.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3587